

Vizit Vityèl yo

Kesyon : Kisa yon vizit vityèl ye ?

Repons : Sèvis vizit vityèl sant sante ou a konekte ou dirèkteman ak doktè ki responsab pou swen sante pitit ou a nan yon sistèm videyo entèraktif an dirèk ki sekirize epi konfidansyèl. Sèvis sa a pèmèt pitit ou resevwa swen li bezwen an pandan li lakay li - oswa yon lòt kote ki pratik. Vizit vityèl yo se prèske menm bagay ak vizit fas-a-fas yo - klinisyen an ap egzaminen sentòm pitit ou a, reponn kesyon ou yo, epi pale sou pwochen etap yo.

Kesyon : Poukisa mwen ta dwe pwograme yon vizit vityèl ?

Repons : Vizit vityèl yo rann li pi fasil pou jwenn swen espesyalize. Yon vizit vityèl ap pèmèt ou jwenn swen nan konfò lakay ou, oswa nenpòt lòt kote ki pratik pou ou, avèk on aparèy mobil. Sa ede ou ekonomize tan ou epi lajan ou t ap bezwen depanse nan transpò. Epitou, ou ka envite lòt manm fanmi ou pou patisipe nan vizit vityèl yo pandan yo yon lòt kote, ki fè sèvis la vrèman pratik pou fanmi ki okipe yo.

Kesyon : Kijan yon vizit vityèl diferan ak yon vizit regilye ?

Repons : Yon vizit vityèl se prèske menm bagay ak yon vizit fas-a-fas regilye nan yon sant sante. Pou kòmanse vizit ou a, ou prale sou yon lyen videyo sekirize yo te ba ou. Lè ou rive nan sal datant vityèl la, yo pral mete klinisyen w lan okouran epi nou pral konekte nan sistèm videyo a. N ap ka kominike an tan reyèl, pataje imaj, egzaminen nenpòt rezilta tès nan laboratwa oswa medikaman, epi pale menm jan nou t ap pale si nou te nan yon vizit fas-a-fas.

Kesyon : Ki kalite teknoloji mwen bezwen pou yon vizit vityèl ?

Repons : Ou ka fè yon vizit vityèl sou nenpòt telefòn mobil entelijan tankou yon iPhone, Android, oswa iPad. Telechaje aplikasyon MyChart la sou telefòn ou nan boutik aplikasyon Google Play oswa Apple yo. Si ou pa gen yon kont MyChart, tanpri gade nan Gid Itilizatè pou Pasyan MyChart sant sante ou ba ou a. Epitou, ou pral bezwen telechaje aplikasyon Zoom nan, ki se lojisyèl ki pral pèmèt ou fè vizit nan videyo a.

Kesyon : Kijan pou mwen fè pou m pwograme yon vizit ak pwofesyonèl swen sante mwen ?

Repons : Pou pwograme vizit vityèl ou a ak pwofesyonèl swen sante ou a, kontakte sant sante ou a dirèkteman.

Kesyon : Si mwen gen 13 lane oswa ki pi gran, èske mwen pral bezwen genyen pwòp kont MyChart mwen pou fè vizit vityèl mwen an ?


Repons : Timoun yo ki gen 13 lane oswa ki pi gran pral bezwen kreye pwòp kont MyChart yo pou yo ka jere randevou vizit vityèl yo a. Paran ak responsab legal yo pa pral kapab jwenn aksè nan vizit vityèl ou yo nan otorizasyon parantal sou kont MyChart yo.

Kesyon : Kijan pou mwen kòmanse yon vizit vityèl ?

Repons : Tanpri li Gid Itilizatè pou Pasyan an pou wè enstriksyon sou kijan pou w prepare pou vizit ou a, ak kisa pou ou fè nan jou vizit vityèl ou a.

Kesyon : E si mwen gen yon kesyon ?

Repons : Si ou bezwen èd, kontakte sant sante ou a dirèkteman.



Mèsi paske ou enterese pwograme yon vizit vityèl.

Vizit Vityèl yo

Vizit vityèl yo sèvi ak teknoloji konferans nan videyo pou konekte ou ak klinisyen w la. Apre ou fin pwograme vizit vityèl ou a, pa bliye fè bagay sa yo anvan randevou ou a.

Remak: Ou dwe gen yon kont MyChart pou w ka fè yon vizit vityèl. Si ou pa gen youn, tanpri kontakte sant sante ou a.



Prepare pou vizit ou a

1. **Telechaje aplikasyon MyChart ak Zoom yo**
Navige nan boutik Apple oswa Google Play yo sou aparèy mobil ou a pou w ka telechaje de aplikasyon sa yo nan aparèy la. Sinon, ou ka sèvi ak kamera aparèy ou a pou eskane kòd QR pou telechaje chak aplikasyon sou aparèy ou a.



Nan jou vizit ou a

1. Konekte sou aplikasyon MyChart la epi fè validasyon anvan vizit ou a 15 minit anvan randevou ou a.
2. Apre ou fini ak validasyon anvan vizit ou a, w ap gen chwa pou peye kopeman ou a *Si ou deside pa peye, sant sante ou a ap voye yon bôdwo ba ou.*
3. Klike sou bouton ki di 'Begin Visit' (Kòmanse Vizit) la




4. Yo pral voye ou sou sitwèb Zoom nan

Klike sou « Join Meeting » (Antre nan Reyinyon an) pou louvri reyinyon an ak aplikasyon Zoom ou an

5. Zoom pral louvri paj « Atant » lan pandan y ap tann pou pwofesyonèl k ap ba w swen an vini

Ou pa pral bezwen enskri kòm prezantatè a. Se pwofesyonèl k ap ba w swen an ki pral fè sa.



Pou konekte sou Aplikasyon MyChart la.

- Pasyon **ki poko gen 13 lane** yo dwe fè moun ki gen otorizasyon parantal la konekte ak kont MyChart yo.
- Pasyon **ki gen 13 lane yo oswa ki pi gran** yo dwe konekte ak pwòp kont MyChart yo.

Si se premye fwa w ap konekte nan aplikasyon an epi yo mande pou w chwazi yon Oganizasyon, tanpri chèche: **"PPOC"**



Èske ou bezwen èd? Kontakte sant sante ou a dirèkteman.

Prepare pou vizit vityèl ou a



Konekte sou kont MyChart ou a

Klike sou onglè Randevou a pou w sèten vizit vityèl ou a te pwograme. Klike sou « Start Visit » (Kòmanse Vizit la) pou asire ou reyinyon an kòmanse.



Regle ekleraj ou.

Fèmen rido oswa lòt bagay pou bare fenèt yo epi limite limyè natirèl.



Jwenn yon kote k pa gen bwi.

Ou ta dwe ale yon kote ki prive epi ki pa gen okenn distraksyon.



Kòmanse a lè.

Konekte bonè pou vizit vityèl ou a.



Ranje kamera ou a.

Mete kamera ou a nan nivo je ou pou yo ka wè tout figi ou.



Pale klè.

Pale dousman epi klè nan mikwo a.